

BAB I

BUBUKA

1.1 Kasang Tukang Panalungtikan

Kumpulan sajak *Ngabungbang* mangrupa buku kumpulan sajak Nazarudin Azhar nu medal taun 2012. Eusina ngawengku 80 sajak nu dibagi jadi dua bagian. 30 sajak aya dina bagian kahiji, dijudulan luyu jeung judul bukuna nyaéta *Ngabungbang*. Anapon 50 sajak séjenna aya dina bagian kadua nu dijudulan “Dengkleung”. Dina kumpulan sajak bagian kahiji, ilaharna mangrupa sajak lirik anu ngandung impreási. Sok sanajan aya ogé nu ngaharib-harib kana sajak épik, tapi teu pati euyeub kawas dina kumpulan sajak bagian kadua. Anapon dina kumpulan sajak bagian kadua, sajak épik atawa sajak nu ngalalakon téh karasa pisan ditamperkeun ku pangarangna.

Nazarudin Azhar saméméhna kungsi medalkeun buku kumpulan sajak dina taun 2008 nyaéta *Topéng Keretas*. Taun 2005 jeung 2007 Nazarudin Azhar diléléh hadiah sastra LBSS pikeun puisi pinilih I. Taun 2008, Nazarudin Azhar jadi pinunjul II dina saémbara *Ngarang Sajak Sunda* nu dikokolakeun ku Paguyuban Panglawungan Sastra Sunda (Azhar 2018). Taun 2018, buku kumpulan sajak nu dijudulan *Miang* diléléh hadiah Sastra Rancagé ku Yayasan Kebudayaan Rancagé. Karya-karyana nu geus réa medal jadi ciri yén Nazarudin Azhar panyajak nu tapak bacaan katut pangaweruhna jembar. Ieu hal luyu jeung nu ditétélakeun ku Muhtadin yén kadariaan jeung karancagéan Nazarudin Azhar dina ngolah sajak-sajakna, ngalantarankeun inyana jadi panyajak anu nyongcolang (Azhar, 2023, kc. 8).

Kumpulan sajak *Ngabungbang* dipilih jadi objék panalungtikan lantaran kungsi jadi nominasi Hadiah Sastra Rancagé taun 2013. Iwal ti éta, ieu kumpulan sajak téh némbongkeun kamahéran pangarang dina ngébréhkeun rasa guligahna, simpé sok sanajan ngageuri, diébréhkeun kalawan éndah nepi ka ngajaul jadi palasipah nu nyosok jero. Tapi upama ieu kumpulan sajak dibaca ku pamaca awam, bakal mawa kana harti nu leuwih luhur. Antukna pamaca awam bakal ngarasa héngkér nyangking ma’na tina unggal sajakna, lantaran dianggap nyastra jeung nawarkeun

pilosopis kahirupan nu jero. Ieu hal nu baris diguar dina ieu panalungtikan patali jeung analisis ma'na kana kumpulan sajak.

Sajak-sajak Nazarudin Azhar ilaharna ngagambarkeun kaayaan sosial nu deukeut jeung kahirupan masarakat, nyokaneun sora-sora jalma leutik, atawa ngébréhkeun galécok batin pangarang nu diadumaniskeun jeung tradisi agraris masarakat Sunda. Pamaca atawa aprésiator bakal diwanohkeun deui jeung kekecapan tina tradisi agraris, nu bisa jadi geus hésé dipikawanoh ku *Gen Z* di pajamanan kiwari upamana waé: doran, saeundan, huluwotan, leuit, parung, sigay, pagasan, sakakab, diguis, jeung diganduan. Satulunya Muhtadin kungsi méré panganteur yén panyajak nu nyanghulu kana tradisi agraris baris nganggap yén saban diksi nu dipilih téh teu bina ti bibit unggul, nu hiji mangsa bakal kaala mangpaatna ku nu maca (Azhar, 2023, kc. 7).

Dumasar kana idéntifikasi di luhur, sajak-sajak Nazarudin Azhar dina *Ngabungbang* téh mibanda diménsi étis jeung éstétis. Saluyu jeung prinsip dasar karya sastra *dulce* jeung *utile* nyaéta éndah tur miboga mangpaat. Iwal ti éta, dina kumpulan sajak *Ngabungbang*, pamaca diajak ngangkleung nuturkeun wirahma dina saban ungkara nu dianggit ku pangarang kalawan tapis pisan.

*karep pareng nyurupan di panumpian
mairan gerentes haté sorangan
genah medar nu karuhan
nguculkeun nu teu payaan
....*

Ungkara sajak di luhur dicutat tina sajak *Ngabungbang* nu dijadikeun judul dina ieu kumpulan sajak. Ngabungbang jadi titik pangbalikan, ngaleupaskeun manéh tina kepungan petengna kahirupan. Ma'na ngabungbang dilegaan deui ku pangarang, dileupaskeun tina ugeran adat atawa tradisi di masarakat. Tradisi ngabungbang nu ilahar di masarakat nyaéta nyaring tengah peuting pikeun nyucikeun diri mangsa bulan purnama, dilaksanakeun ngan ukur bisa sabulan sakali. Ma'na ngabungbang dina ieu sajak mah bisa dilarapkeun peuting iraha baé, sakumaha nu ditandeskeun dina dua padalisan panungtungna.

*....
ngabungbang handapeun lampu baranang
mulut bulan tina lolongkrang kahéman.*

Upama dipapandékeun jeung kaayaan manusa kiwari anu katalikung ku gaya hirup *hédonisme* jeung *konsumtif*, manusa geus nganggap yén sakabéh kasenangan jeung kasugemaan tina harta téh mangrupa hal pangpentingna. Ku kituna, sajak-sajak Nazarudin Azhar dina *Ngabungbang* mah méré harepan ka nu maca sarta umajak pikeun reureuh sajongongan, atawa mairan gerentes haté sorangan. Ku sabab lolongkrang pikeun ngawisik diri téh kacida heureutna.

Sajak salaku wangun puisi tangtu bédha jeung prosa nu sipatna naratif, antukna pasualan nu sering karandapan ku pamaca awam nyaéta héngkérna nyurahan ma'na nu nyamuni dina hiji sajak. Kurangna pamahaman masarakat (pamaca awam) kana sajak lantaran sajak téh ditulis kalawan eksprézi nu teu langsung, balukarna teu sakabéh pesen ti pangarang gampang katepikeun. Diksi-diksi nu ditulis ku pangarang dina sajak, miboga maksud anyar pikeun dihartikeun ku pamaca, saméméh maluruh leuwih jero deui kana eusina. Saluyu jeung pamadegan Rahayu (2021, kc. 31) nu nétélakeun yén sajak téh miboga sistem konvénsi sorangan, ngawengku tanda-tanda saperti kandaga kecap, gayabasa, kiasan, tur miboga ma'na, balukarna ngama'naan sajak téh leuwih héngkér ti batan karya prosa. Iwal ti éta, basa kiasan nu réa digunakeun dina sajak jadi ciri yén dina sajak téh aya ma'na nu disumputkeun, sabab sajak miboga sipat ambiguitas, nyaéta miboga dwi atawa multi ma'na (Cahyadi spk., 2014; Mustamar, 2020).

Katégori puisi dina karya sastra Sunda kabagi dua, nyaéta aya puisi heubeul saperti wawacan, guguritan, dangding, carita pantun, mantra, sawér, pupujian, kakawihan, sarta aya puisi anyar dina wangun téks nu gelar jeung sumebar di masarakat nyaéta sajak (Isnendes 2010). Sajak méré warna anyar dina dunya kasusastraan Sunda nyaéta wangun puisi anu leuwih modéren, lantaran teu kauger ku patokan pupuh. Istilah “sajak” dina sastra Sunda téh bédha jeung istilah sajak dina sastra Indonesia. Sajak dina sastra Sunda, nyoko kana salah sahiji wangun puisi; ari dina sastra Indonesia, sajak téh nyoko kana salah sahiji unsur pangwangun puisi nu disebut *rima* atawa purwakanti. Satuluyna Cahyadi jeung Koswara (2014, kc. 2) nétélakeun yén sajak téh mangrupa karya sastra imajinatif dina wangun puisi modéren nu sipatna leuwih bébas kalawan miboga struktur nu tangtu. Pamadegan séjén ditétélakeun ku Abidin (2020, kc. 93) yén sajak téh karya sastra wangun puisi

nu teu kauger ku aturan sarta miboga kabébasan pikeun pangarangna dina enggonging nangtukeun ungkara, tipografi, jeung aspék puitisna dina ngaéksprésikeun eusi. Tina sawatara pamadegan di luhur, bisa dicindekkeun yén sajak téh nyaéta puisi nu leuwih bébas pikeun ngébréhkeun pangalaman éstétis, gagasan pamikiran, jeung rasa émosional pangarang kalawan ngagunakeun diksi husus nu ngabédakeun jeung karya sastra séjénna.

Ngama'naan karya sastra téh merlukeun tilu kontéks, nyaéta kontéks basa, kontéks budaya jeung kontéks sastra (Teeuw, 2018, kc. 83). Kontéks nu kahiji nyaéta kode basa. Basa nu digunakeun dina sajak Nazarudin Azhar téh ngagunakeun basa Sunda, tangtu bisa dikawasa ku nu ngawasa basa Sunda. Kontéks nu kadua nyaéta kode budaya nu aya dina éta kumpulan sajak, salah sahijina nyaéta tradisi ngabungbang nu mangrupa tradisi mersihan batin tina kokotor dilaksanakeun mangsa bulan purnama, sok sanajan dina ieu kumpulan sajak mah harti ngabungbang téh dilegaan deui. Kontéks nu katilu nyaéta kode sastra anu aya dina sajak saperti kecap jeung purwakanti salaku unsur pangwangun sajak. Éta tilu kontéks téh kudu ditapsirkeun, lantaran karya sastra nu ditulis ku pangarang moal ngandung ma'na jeung moal jadi objék éstétika iwal ti pamaca sorangan nu méré ma'na kana éta karya (Pradopo dina Al-Ma'ruf, spk., 2017, kc. 155).

Sajak nu miboga sipat konotatif kudu dima'naan sagemblengna, lain ngan saukur ngarucat kekecapanana atawa unsur pangwangunna wungkul. Leuwih jero deui pamaca kudu nyangking ma'na dumasar kana adegan lahir, adegan batin, katut tanda-tanda nu nyamuni dina sajak. Saluyu jeung pamadegan Putri spk., (2019) nétélakeun yén nganalisis sajak téh sarua jeung maham kana eusi tina éta sajak. Ku kituna, pikeun ngaguar sajak diperlukeun analisis struktural jeung semiotik lantaran sajak mangrupa struktur tanda-tanda nu miboga ma'na.

Analisis struktural digunakeun pikeun ngaguar struktur lahir jeung struktur batin hiji sajak. Sakumaha nu ditétélakeun ku Anggraini (2020, kc. 46) yén nu dimaksud struktur lahir sajak téh nyaéta struktur pangwangun sajak nu ditilik tina wangun kecap atawa sok disebut ogé salaku sarana nu digunakeun panyajak dina ngébréhkeun hakékat sajak. Anapon struktur batin sajak dumasar pamadegan Kamilah spk., (2016) mangrupa struktur pangwangun nu aya dina sajak salaku eusi

atawa ma'na nu ditepikeun panyajak dina sajakna. Iwal ti éta, Rahayu (2018, kc. 25) nétélakeun pikeun ngadumaniskeun hiji unsur jeung unsur séjénna dina sajak kudu ngagunakeun pamarekan struktural. Éta hal nuduhkeun yén sajak téh salah sahiji wangun puisi nu bisa ditalungtik tina sawatara aspék lantaran disusun tina sawatara unsur jeung sarana kapuitisan.

Struktur atawa adegan puisi ditétélakeu ku Alton C. Morris jeung I.A. Richard, nu nétélakeun yén struktur lahir puisi nu bisa diguar téh ngawengku diksi, imaji, gayabasa, kecap kongkrit, jeung purwakanti, sarta struktur batin puisi nu bisa diguar, nyaéta téma, nada, rasa, katut amanat (Isnendes, spk., 2018, kc. 94). Tina sawatara panalungtikan nu kungsi dilaksanakeun saméméhna, tiori Alton C. Morris jeung I.A. Richard cocog pikeun ngaguar struktur lahir jeung struktur batin hiji sajak, sabab ieu tiori téh bisa maluruh adegan lahir jeung adegan batin hiji sajak kalawan gembleng.

Salah sahiji tiori nu ngaguar tanda-tanda dina hiji karya sastra nyaéta semiotik. Teeuw dina Ratih (2016, kc. 1) nétélakeun yén semiotik mangrupa élmu sastra nu bener-bener pikeun maluruh konvénsi-konvénsi nu miboga kamungkinan ayana hiji maksud. Anapon hubungan tanda nu aya dina wangun puisi ditétélakeun ku Riffaterre, nyaéta upama hayang nganalisis hiji sajak téh kudu merhatikeun tilu aspék nyaéta: éksprési nu teu langsung, intertéktualitas, jeung pembacaan semiotik: *heuristik* jeung *hermeneutik* (Isnendes, spk., 2018, kc. 117–19). Nurutkeun Riffaterre, puisi (sajak) miboga tanda séjén nu disebut “bahasa puitis”. Ku kituna, “bahasa puitis” téh dianggap salaku basa sistem kadua nu ngandung éksprési nu teu langsung tur ngan bisa ditapsirkeun ngaliwatan pembacaan semiosis (Wigati, 2023, kc. 133).

Analisis semiotik modél Riffaterre digunakeun pikeun ngaguar hiji sajak lantaran analisisna dihususkeun pikeun nyurahan atawa nyangking ma'na hiji karya sastra nyaéta sajak (Ratih, 2016, kc. 5). Ku kituna, pikeun ngaguar ma'na nu nyangkaruk dina hiji sajak, tiori semiotik Riffaterre kalawan pembacaan *heuristik* jeung *hermeneutik* cocog pikeun dijadikeun tiori atawa modél maham kana eusi hiji sajak. Iwal ti dihususkeun pikeun ngaguar semiotik dina sajak, konsép semiotik Riffaterre ogé kawilang lengkep.

Panalungtikan sawanda kana objék kumpulan sajak Sunda kungsi dilaksanakeun saméméhna, di antarana: panalungtikan ku Arini Dwi Jayanti taun 2014 kalawan judul “Kajian Struktural-Semiotik pada Kumpulan Sajak *Lagu Padungdung* Karya Deni Ahmad Fajar untuk Bahan Pembelajaran Membaca Sajak di SMA”, panalungtikan Dinny Octavisari Rahayu taun 2018 kalawan judul “Kumpulan Sajak *Léngkah* Karya Ari Andriansyah untuk Bahan Pembelajaran Apresiasi Sajak di SMA: Kajian Struktur dan Nilai Filosofis”, panalungtikan Zaenal Abidin taun 2020 kalawan judul “Sajak Sunda Periode 1949-1962: Kajian Struktural dan Sosiologi Sastra”, panalungtikan Teddi Muhtadin taun 2023 kalawan judul “Kesundaan dalam Keindonesiaan: Memahami Sajak Sunda Tahun 1950-an”, jeung panalungtikan Derizda Sridaryanti taun 2023 kalawan judul “*Di Taman Larangan*: Analisis Struktur Lahir dan Struktur Batin”.

Dumasar kana sawatara panalungtikan nu kungsi dilaksanakeun saméméhna, tééla can aya nu ngahususkeun ngulik perkara struktural jeung semiotik kana kumpulan sajak *Ngabungbang* karya Nazarudin Azhar. Sasaruaan ieu panalungtikan jeung panalungtikan nu kungsi dilaksanakeun saméméhna nyaéta ngeunaan analisis struktural jeung semiotik salaku péso analisis pikeun ngaguar struktur lahir jeung struktur batin katut tanda-tanda nu nyamuni dina hiji sajak. Anapon bédana, nyaéta dina sumber data anu ditalungtik. Tina sawatara panalungtikan nu kungsi dilaksanakeun, tééla panalungtikan kana objék kumpulan sajak téh miboga mangpaat pikeun kamekaran sastra Sunda, hususna sastra Sunda modéren. Ku kituna, ieu panalungtikan téh dipiharep bisa ngeuyeuban panalungtikan kana buku kumpulan sajak Sunda. Dumasar kana éta hal, panalungtikan kalawan judul “Ulikan Struktural jeung Semiotik dina Kumpulan Sajak *Ngabungbang* karya Nazarudin Azhar” penting dilaksanakeun.

1.2 Rumusan Masalah

Sangkan puguh jujutanana, ieu panalungtikan téh diwatesanan. Watesan masalahna nyaéta: can kaguar adegan sajak dina buku kumpulan sajak *Ngabungbang* karya Nazarudin Ahar, can kaguar maksud nu nyamuni dina buku

kumpulan sajak *Ngabungbang* karya Nazarudin Azhar, jeung karasa hésé nyurahan ma'na tina unggal sajak upama dibaca salalar.

Dumasar watesan masalah di luhur, rumusan masalah dina ieu panalungtikan téh dirumuskeun dina kalimah pananya saperti kieu.

- 1) Kumaha struktur lahir sajak dina dina kumpulan sajak *Ngabungbang* karya Nazarudin Azhar?
- 2) Kumaha struktur batin sajak dina kumpulan sajak *Ngabungbang* karya Nazarudin Azhar?
- 3) Unsur semiotik naon baé nu nyampak dina kumpulan sajak *Ngabungbang* karya Nazarudin Azhar?

1.3 Tujuan Panalungtikan

Ieu panalungtikan téh mibanda tujuan umum jeung tujuan husus. Anapon tujuan umum jeung tujuan husus panalungtikan ditétélakeun kieu.

1.3.1 Tujuan Umum

Ieu panalungtikan dipiharep bisa méré informasi ngeunaan gambaran larapna pamarekan struktural jeung semiotik dina kumpulan sajak *Ngabungbang* karya Nazarudin Azhar. Pon kitu deui, hasil dina ieu panalungtikan bisa jadi salah sahiji sumber informasi alternatif nu ngaguar ngeunaan maksud dina karya sastra sajak.

1.3.2 Tujuan Husus

Tujuan husus dina ieu panalungtikan nyaéta pikeun nganalisis jeung ngadéskripsikeyun:

- 1) struktur lahir sajak (diksi, imaji, gayabasa, kecap kongkrit, jeung purwakanti) dina buku kumpulan sajak *Ngabungbang* karya Nazarudin Azhar;
- 2) struktur batin sajak (téma, nada, rasa, jeung amanat) dina buku kumpulan sajak *Ngabungbang* karya Nazarudin Azhar; jeung
- 3) ma'na anu nyangkaruk dina kumpulan sajak *Ngabungbang* karya Nazarudin Azhar ngagunakeun pamarekan semiotik.

1.4 Mangpaat Panalungtikan

1.4.1 Mangpaat Tioritis

Ieu panalungtikan dipiharep miboga mangpaat tioritis nyaéta bisa ngeuyeuban widang paélmuan sastra, hususna mekarkeun pangaweruh ngeunaan karya sastra wangun puisi warna sajak ku cara nganalisis buku kumpulan sajak *Ngabungbang* karya Nazarudin Azhar. Iwal ti éta, ieu panalungtikan téh bisa méré mangpaat pikeun panalungtikan satulunya guna ngariksa jeung ngajaga sakumna karya sastra Sunda nu nyampak.

1.4.2 Mangpaat Praktis

Ieu panalungtikan téh dipiharep miboga mangpaat praktis nu bisa dicangking ku panalungtik, masarakat umum, jeung akademisi.

1) Pikeun Panalungtik

Hasil dina ieu panalungtikan bisa ngajembaran pangaweruh dina widang paélmuan nu ditalungtik tur ngajembaran pangalaman.

2) Pikeun Masarakat Umum

Ieu panalungtikan dipiharep bisa ngadéskripsikeun maksud nu nyangkaruk dina buku kumpulan sajak *Ngabungbang* karya Nazarudin Azhar.

3) Pikeun Akademisi

Hasil dina ieu panalungtikan bisa dijadikeun référénsi analisis struktur jeung semiotik dina sajak Sunda

1.5 Ambahan Panalungtikan

BAB I “Bubuka”, ngadéskripsikeun kasang tukang panalungtikan, rumusan masalah, tujuan panalungtikan, mangpaat panalungtikan, jeung ambahan panalungtikan.

BAB II “Tilikan Pustaka”, ngadéskripsikeun tiori struktural, struktur sajak, tiori semiotik, wangenan semiotik, tiori semiotik Michael Riffaterre, wangenan sajak Sunda, kamekaran sajak Sunda, papasingan sajak Sunda, panalungtikan saméméhna, jeung raraga mikir.

BAB III “Padika Panalungtikan”, ngadéskripsikeun métode jeung desain panalungtikan, téhnik ngumpulkeun data, téhnik ngolah data, instrumén panalungtikan, sarta data jeung sumber data.

BAB IV “Hasil jeung Pedaran”, ngadéskripsikeun hasil tina analisis panalungtikan nu dilaksanakeun kalawan gembleng. Eusina nganalisis jeung ngolah data nu patali jeung rumusan masalah, tujuan panalungtikan, katut tiori-tiori nu digunakeun dina bab II.

BAB V “Kacindekan jeung Rékoméndasi”, eusina nyaéta ringkesan tina sakabéh hasil panalungtikan. Iwal ti éta, aya rékoméndasi nu ditepikeun ti panulis ka nu maca sangkan panalungtikan kahareupna bisa leuwih jembar.